

Wout State Road (SR) 25/NW 36 Sreet soti nan NW 27 Avenue rive NW 22 Avenue

No. Idantifikasyon pwojè a: 451168-1-52-01



FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men avantaj pwojè sa a :

KOMINOTE

- Amelyore drenaj nan tout limit pwojè a pou redui poblèm inondasyon nan zòn nan a

PWOTEKSYON

- Y ap fè amelyorasyon sa yo pou ede jere dlo lapli, pou anpeche inondasyon ak aksidan dlo desann lakòz pou rann zòn pwojè a pi an sekirite pou pyeton ak chofè machin:
 - Enstale 10 nouvo enstalasyon drenaj
 - Modènize kat enstalasyon drenaj
 - Enstale plis pase 1,000 pye nouvo drenaj dlo lapli
 - Reyasfalte wout la epi retrase liy ki atè sou wout ki nan limit pwojè a

REZISTANS

- Amelyore drenaj nan zòn nan pou evite poblèm nan sistèm nan pi devan epi amelyore eta wout la jan li ye kounye a
- Reyasfalte wout la epi retrase liy atè yo pou prezève dire tan sèvis wout la

CHÈN APWOVIZYÒNMAN

- Amelyore drenaj nan limit pwojè a pou elimine blokis ak poblèm aksè ki mache ak inondasyon epi asire sikilasyon an mache byen

DEVLOPMAN MENDÈV

- FDOT pran kontraktè lokal pou travay pou pote avantaj ekonomik pozitif nan kominote a

TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: www.fl511.com.

MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo moso pa moso pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Pòsyon wout y ap fèmen yo ka gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik yo. Mèt biznis ak moun ki rete nan zòn chantye a dwe atann y ap chanje wout la bò nan zòn kote travay la pral fèt la. Y ap elimine kote pou moun estasyon bò lari a tanporèman kote y ap travay la. Y ap kite wout pou moun antre nan kote ki fè fas ak kote y ap fè travay la. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase.

KALANDRIYE

Me 2024 - Fen 2024

ESTIMASYON PRI PWOJÈ A

1.4 milyon dola

KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

City of Miami

Miami-Dade County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Y ap fè travay yo moso pa moso pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout la nan lè sa yo :

- 9è p.m. a 5è 30 a.m., Dimanch - Jedi
- 9è a.m. a 3è 30 p.m., Lendi - Dimanch

Y ap kite kote pou moun pase antre nan biznis epi lakay yo. Chak semenn y ap afiche kote y ap fè travay yo sou sit entènèt biwo transpò a, www.southflroads.com.



KONTAK

FDOT Konsilan Espesyalis Sensibilisation Kominotè
Miranda Brito | Miranda.Brito@dot.state.fl.us | 786-774-9714

SWIV NOU



SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl.

